



Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI NOUVO SAL DATANT AK PÒTAY NAN TÈMINAL B LAGUARDIA A, SA KI MAKE YON LETE PWOGRÈ SOU REDEVLOPMAN KONPLÈ AYEWOPÒ A**

***Premye faz nouvo sal datant tèminal B a ap ouvri apre ouvèti nouvo sal pou arive ak depa yo an jen an***

***Plis pase 40% pasaje yo pral rive oswa pati kounye a nan nouvo pòtay yo nan LGA ki tou nouvo***

***Sèt nouvo pòtay ap ouvri nan nouvo sal datant lan ki pral sèvi pasaje American Airlines yo ak etann eksperyans 21yèm syèkla soti nan twotwa a rive nan pòtay la***

***Travay nan wout yo ap kontinye nan tout pwojè redevlopman ayewopò a; prèske 75% travay wout yo konple te kounye a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti dezyèm nouvo sal datant ki ranpli ak limyè a ak sèt nouvo pòtay nan Tèminal B Ayewopò LaGuardia (LaGuardia Airport, LGA) a, nan kad transfòmasyon kontini ayewopò a ki koute 8 milya dola a. Apati 5 out, premye sèt nouvo pòtay nan nouvo Sal Datant Bò Lwès la pral aktive, sa ki ap akeyi plis vwayajè atravè Tèminal B LaGuardia a avèk yon eksperyans ki gen klas mondyal pou pasaje yo. Nouvo sal datant lan pral gen ladan yon pak andedan, twalèt san kontak ak enstalasyon ki gen klas mondyal ki bay yon vrè sans New York. Gwo etap sa a vini apre ouvèti mwa pase a nouvo Sal Arive ak Depa (Arrivals and Departures Hall) ki mezire 850,000 pye kare a avèk nouvo konsesyon yo, enstalasyon pou vwayajè yo, enstalasyon zèv atistik ki gen klas mondyal yo, ak espas anplis pou pasaje yo deplase plis an sekirite ak efikasman pandan ak apre pandemi COVID-19 la.

"Avèk ouvèti nouvo sal datant sa a, Tèminal B Ayewopò LaGuardia a reyalize de gwo pa enpòtan nan yon lete epi li ap avanse pi pre transfòmasyon konplè li a nan yon etablisman vwayaj 21yèm Syèk la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ayewopò LaGuardia pral premye nouvo ayewopò nan Etazini depi 25 ane, epi nou ap bati li pandan nou toujou ap fè fonksyone ansyen ayewopò a. Vwayajè yo ki ap vini New York ta dwe atann yo ak anyen mwens pase yon eksperyans ki gen klas mondyal, epi se sa nou ap livre avèk pwojè modènizasyon sa a."

**Rick Cotton, Direktè Ekzekitif Otorite Pòtyè New York ak New Jersey, te deklare,** "Ouvèti premye sèt nouvo pòtay yo nan Sal Datant Zòn Lwès Tèminal B a fè pati 18 mwa pwogrè rapid kòm nou ap apwoche liy arive a nan transfòmasyon Ayewopò LaGuardia a. Gras ak vizyon ak lidèchip Gouvènè Cuomo, konstriksyon Yon Tou Nouvo Ayewopò LaGuardia kontinye ap avanse ak tout vitès avèk ouvèti nouvo Sal Arive ak Depa sa a, ouvèti avan lè nouvo sal datant ak pòtay yo, ak achèyman prèske 75% travay wout yo akòz rediksyon nan sikilasyon an".

Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey) a, Rick Cotton, LaGuardia Gateway Partners, konsòsyòm prive pou rekonstriksyon ak fonksyonman Tèminal B a, Direktè Jeneral Egzekitif, Stewart Steeves, Manm Asanble Jeffrion Aubry ak Prezidan Pwovizwa Awondisman Queens (Queens Borough), Sharon Lee te devwale premye seksyon nan nouvo sal datant ki mezire 210,000 pye kare a nan yon seremoni koupe riban yon mwa an avans sou kalandriye a. Lè dezyèm ak faz final la aktive nan fen 2021, Sal Datant Bò Lwès la pral gen ladan yon total 17 nouvo pòtay. Nouvo sal datant lan pral desèvi premyèman American Airlines epi li pral loje klib Amiral American Airlines (American Airlines Admirals Club) la. Menm jan ak Sal Datant Bò Lès (Eastern Concourse) la ki te ouvri an desanm 2018, nouvo sal datant lan pral konekte ak Sal Arive ak Depa Tèminal B gras ak yon pon elve pou pyeton. Skyways ki double pou pyeton yo se premye nan nenpòt gwo ayewopò nan nasyon an.

Menm jan nan Sal Datant Bò Lès la ki te ouvri an desanm 2018, Sal Datant Bò Lwès la ofri vwayajè yo yon eksperyans ayewopò 21yèm syèk nan moman yo rive a. Sal datant lan prezante plafon vètijine ki mezire 55 pye nan wotè ak fenèt ki soti atè rive nan plafon an ki pèmèt anpil ekleraj natirèl. Enstalasyon yo pral gen ladan yon espas jwèt pou timoun yo, yon espas vèt avèk peyizaj ak syèj, twalèt ki gen anpil espas, twalèt pou fanmi ak pou bay swen, yon biwo sèvis American Airlines ki dezinye, ak yon espas soulajman pou bèt domestik yo. Vwayajè yo kapab espere nouvo konsesyon ak zèv atistik ki bay yon sans apatenans ak lespri New York la.

Nan kad konstriksyon pa faz nouvo sal datant lan, yon dezyèm pon skybridge pou pyeton pral konekte Sal Arive ak Depa Tèminal B a ak Sal Datant Bò Lwès la an 2021. Dezyèm seksyon sal datant lan ak dis nouvo pòtay anplis pral ouvri an 2022.

Pi bonè nan lete sa a, tou nouvo Sal Arive ak Depa Tèminal B a nan Ayewopò LaGuardia te ouvri pou piblik la, sa ki make pi gwo etap enpòtan jiska prezan nan transfòmasyon kontini ayewopò a ki koute 8 milya dola. Sal Arive ak Depa, ki gen kat etaj, ki gen anpil espas ki estime a 850,000 pye kare bay vwayajè yo eksperyans ayewopò 21èm syèk ki gen ladan konsesyon lokal yo, twalèt modèn ki laj ak yon distri komèsyal ki enspire de New York. Nouvo Sal Arive ak Depa a prezante tou instalasyon zèv atistik piblik pèmanan ke Public Art Fund (Finansman Zèv Atistik piblik) òganize, k'ap amelyore eksperyans pasaje yo epi souliye pozisyon mondyal New York antanke yon fa pou atizay ak kilti. Lè li acheve, nouvo Tèminal B a pral gen ladan Sal Arive ak Depa a, de (2) skybridges pou pyeton ak de (2) sal datant ki aktive avèk 35 pòtay ki desèvi American, Southwest, United Airlines ak Air Canada.

**Ofisye Egzekitif an Chèf nan LaGuardia Gateway Partners Stewart Steeves te deklare,** "Ouvèti Sal Datant Bò Lwès la se yon lòt gwo etap enpòtan sepandan ke nou fyè dèske nou te acheve nan redevlopman global Tèminal B a. Nou rekonesan pou patenè nou yo dèske yo ede nou kreye yon tou nouvo Tèminal B ki konbine sèvis ekselan pou pasaje yo avèk konsepsyon inovan ak dirab".

**Jim Moses, Vis Prezidan Sant ak Pòtay Nòdès American Airlines la, te deklare,** "Operasyon lansman yo soti nan premye faz Sal Datant Bò Lwès la se yon gwo pa enpòtan pou American Airlines epi li mennen nou pi pre ak yon tou nouvo LGA. Eksperyans ki gen klas mondyal, ki san rival la ke nouvo Sal Arive ak Depa ak sal datant Tèminal B ofri a elve ak transfòmasyon vwayaj kliyan an soti sou twotwa a rive nan pòtay la".

**Richard Kennedy, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Skanska USA, te deklare,** "Nou kontan anpil pou selebre yon lòt gwo etap enpòtan siyifikatif nan Ayewopò LaGuardia, pi gwo ak youn pwojè ki pi konplèks nou yo nan istwa Skanska a. Ouvèti pòtay sa yo an avans sou kalandriye a avèk yon pèfòmans sekirite eksepsyonèl se yon testaman pou dilijans ak devouman enfatigab ekip nou an, souzantreprenè ak patenè yo—yon eksplwa eksepsyonèl nan mitan pandemi mondyal sa a".

**Manm Asanble Jeff Aubry te deklare,** "Li gratifyan pou nou wè pwogrè kontini nan redevlopman Ayewopò LaGuardia a. Li pa Tyè Monn ankò men premye klas".

**Prezidan Pwovizwa Awondisman an, Sharon Lee, te deklare,** "Nouvo sal datant sa a pral ogmante konpetitivite mondyal nou an nan ofri vwayajè yo yon eksperyans ayewopò ki akeyan ranpli avèk enstalasyon ke pasaje liy ayeryèn mondyal yo vini eksperimante. Queens aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman li a nan redevlopman vizyonè LaGuardia ki koute 8 milya dola a, yon pwojè ki deja bay avantaj ak kominote nou an nan kreye djòb, pwogram bous detid ak Syans Teknoloji Enjeniri ak Matematik (Science, Technology, Engineering and Mathematics, STEM) pou kominote lokal la. Ouvèti an avans sou kalandriye Sal Datant Bò Lwès la se yon lòt gwo etap enpòtan nan kreyasyon yon Ayewopò LaGuardia ki gen premye klas".

**Manm Konsèy la Francisco Moya te di,** "Ouvèti nouvo pòtay sa yo nan Sal Datant Bò Lwès la se yon gwo etap enpòtan fantastik nan transfòmasyon Ayewopò LaGuardia nan yon san transpò ki gen klas mondyal. Mwen aplodi atansyon Gouvènè Cuomo ak Otorite Pòtyè a dèske yo elve biznis ak atis lokal ki baze nan Queens yo pandan nou kontinye ap reyimajine ayewopò a epi tou fè ajisteman sekirite ki nesèsè yo pou kenbe travayè ak pasaje yo an sekirite pandan pandemi an".

## **Netwayaj**

Yo ap netwaye tout espas nan tèminal la gen ladan nouvo sal datant lan dapre pi wo nòm netwayaj Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a. Ekip ki fè netwayaj sifas yo manyen souvan yo sou sit la epi yo

vizib akòz mak vès yo mete a. Genyen siyalizasyon dijital nan tout tèminal la ki montre mezi sekirite COVID-19 ki gen ladan egzijans pou kouvri figi ou, konsèy pou distanse ak rapèl pou lave men yo souvan. Ofisyè Administrasyon Sekirite Transpò (Transportation Security Administration, TSA) yo pral mete mask figi yo epi swiv pwosedi strik sou itilizasyon gan ak sanitayzè lè yo manyen bagaj pasaje yo. Kòmman ak livrezon manje san kontak disponib lè ou sèvi avèk aplikasyon At Your Gate App la.

LGP ak Otorite Pòtyè kontinye teste dènve teknoloji pou anpeche epi limite pwopagasyon COVID-19 la, ki gen ladan teste teknoloji san kontak ak teknoloji netwayaj UV sou ranp eskalye yo.

## **Plan redevlopman LaGuardia**

An 2015, sa fè senk ane de sa semèn sa a, Gouvènè Cuomo te premye devwale vizyon li a pou redevlopman jeneral nan Ayewopò LaGuardia a. Dapre plan li, yon LGA tou nèf pral ofri pasaje yo yon eksperyans ki gen klas mondyal ki prezante enstalasyon modèn pou kliyan yo, achitekti modèn, plis espas nan zòn pòt yo ak yon sistèm tèminal ki konekte. Yo te lanse an 2016 pwojè 8 milya dola a, ke yo ap finanse de tyè ladan li pa mwayen finansman prive ak frè pasajè aktyèl yo, ki te demare kat ane pase an 2016.

An fevriye 2018, nouvo pakin Tèminal B a te ouvè avèk plis pase 3,000 espas pakin ak yon etaj ki konsakre pou Uber, Lyft ak lòt sèvis machin yo lokasyon yo. Nan mwa desanm 2018, yo te ouvri premye nan 18 nouvo pòtay yo ak premye nouvo sal datant Tèminal B a. Nan mwa oktòb 2019, Gouvènè a te ouvri premye nouvo sal datant lan ak sèt nouvo pòtay nan nouvo Tèminal C Delta Air Lines sou bò lès nan ayewopò a. Mwa pase a, gouvènè a te ouvri nouvo Sal Arive ak Depa a nan Tèminal B. Yon sal arive ak depa modèn nan Tèminal C a pral ouvri an 2022 avèk ouvèti pa faz twa sal datant anplis.

An oktòb ane pase tou, Konsèy Komisyonè Otorite Pòtyè (Port Authority's Board of Commissioners) a te fòmèlman otorize finansman nesèsè, an atandan achèvmman revizyon anviwònman endepandan Administrasyon Aviyasyon Federal (Federal Aviation Administration, FAA) la, pou devlope nouvo AirTrain LGA a. Avèk sipò kle Gouvènè Cuomo, AirTrain LGA ke yo ap tann lontan an sou wout pou pran plas li nan nouvo Ayewopò LaGuardia ki gen klas mondyal la ki pa pral sèl prensipal ayewopò Kòt Lès la san yon lyezou fewovye ankò. AirTrain LGA a tap konekte ayewopò a avèk yon nouvo estasyon nan Willets Point epi mete pasajè yo deyò nan vagon yo epi rapidman redwi konjesyon trafik, emisyon gaz ak efè sè yo, ak polisyon.

Globalman, pwojè LaGuardia a prevwa jenere 10 milya dola nan aktivite ekonomik ak 2.5 milya dola nan salè pandan dire pwojè a. Depi nan ouvèti nouvo sal Arive ak Depa nan Tèminal B a, LaGuardia Airport fè kontra ak biznis sètifye ke minorite a oswa fanm yo posede, oswa Antrepriz Biznis Minorite ak Fanm yo Posede (Minority and Women-Owned Business Enterprises. MWBE), depase 1.4 milya dola kounye a. Jiska dat, pwojè a satisfè objektif Gouvènè Cuomo pou 30 pousan patisipasyon MWBE.

Aprè vizyon Gouvènè Cuomo a pou Yon LGA Tou Nèf, Otorite Pòtyè a ap travay men nan men avèk ofisyèl lokal yo, aktè yo, ak abitan Queens yo pou asire ke biznis lokal yo, MWBE yo ak moun k ap chèche djòb yo pwofite nouvo opòtinite yo nan kad redevlopman ak kwasans ekonomik Ayewopò LaGuardia a. Depi nan kòmansman pwojè a, gen plis pase 560 milyon dola nan kontra ke yo te bay biznis lokal yo ki baze nan Queens.

An avril 2019, Gouvènè Cuomo te anonse ouvèti nouvo biwo Konsèy pou Opòtinite Ayewopò (Council for Airport Opportunity, CAO) a nan Corona, an patenarya avèk de òganizasyon kominotè. CAO a ofri minorite ak abitan defavorize Queens yo sèvis rekritman ak plasman pwofesyonèl ki an rapò ak ayewopò. An desanm 2019, biwo redevlopman pèmanan LaGuardia te ouvri pou piblik nan ofri sèvis rekritman ak plasman nan travay ki lye ak ayewopò pou rezidan minoritè ak defavorize yo nan Queens.

Otorite Pòtyè New York ak New Jersey fè patenarya tou ak Vaughn College of Aeronautics and Technology nan Queens ak finance 11 bous ekolaj konplè pou elèv nan kominote lokal yo pou ale nan Vaughn College. Pwogram Redevlopman LaGuardia fè patenarya tou avèk Queens Public Library pou ofri yon pwogram edikasyon STEM pou elèv lekòl primè lokal yo, kounye a nan dezyèm ane li.

Nouvo ayewopò inifye a ofri eksperyans kliyan 21èm syèk Nouyòkè yo merite a ap bati pandan yo ap kenbe operasyon yo nan ayewopò ki egziste deja a. Depi nouvo fasilite yo fini, ansyen enstalasyon yo ap demoli, asire ke ayewopò a pa janm pèdi kapasite li. Menm pandan pik konstriksyon an, LaGuardia te kontinye tabli nouvo rekò pou kantite pasaje. Uit nan 12 jou ayewopò ki pi okipe nan dosye ki te fèt an ete dènye a lè travay tèminal ak wout yo te nan pik li. An 2019, LaGuardia te sèvi plis pase 31 milyon pasaje, yon ogmantasyon 3.1 pousan sou volim dosye pasaje anvan an yo te anrejistre an 2018.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)